

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data dina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén:

- a. Pangaweruh kandaga kecap siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung kaasup kana tingkatan handap (67%). Ieu pangaweruh kandaga kecap kabagi kana tujuh sub variabel, dina unggal variabel kapaluruh yén istilah pancakaki kaasup kana tingkatan sedeng (70%), ngaran babagian awak kaasup kana tingkatan handap (66%), kecap sulur kaasup kana tingkatan handap pisan (51%), kecap bilangan kaasup kana tingkatan luhur pisan (92%), kecap pagawéan poko kaasup kana tingkatan sedeng (71%), kecap kaayaan poko kaasup kana tingkatan handap (63%), sarta kecap barang-barang universal kaasup kana tingkatan sedeng (74%).
- b. Kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung asup kana katégori hadé, kalayan rata-rata 71,77. Kamampuh nulis karangan narasi aspék eusi kaasup kana katégori sedeng-cukup kalayan peunteun 21,17, kamampuh nulis karangan narasi aspék organisasi eusi kaasup kana katégori cukup-hadé kalayan peunteun 15,23, kamampuh nulis karangan narasi aspék kandaga kecap kaasup kana katégori sedeng-cukup kalayan peunteun 14,52, kamampuh nulis karangan narasi aspék basa kaasup kana katégori sedeng-cukup kalayan peunteun 17,52, sarta kamampuh nulis karangan narasi aspék mékanik kaasup kana katégori sedeng-cukup kalayan peunteun 3,65.
- c. Aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi. H_a (hipotésis alternatif) dina ieu panalungtikan ditarima sabab tina tujuh sub variabel anu dikorélasikeun nandakeun x^2 hitung $\geq x^2$ tabél, iwal ti korélasi pangaweruh kandaga kecap sulur jeung kamampuh nulis karangan narasi sarta korélasi pangaweruh kandaga kecap bilangan jeung kamampuh nulis karangan narasi. Luyu jeung padika hipotésis yén H_a ditarima upama x^2 hitung \geq

x^2 tabél. Hartina, siswa anu mampuh nulis karangan narasi miboga pangaweruh kandaga kecap anu luhur.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan némbongkeun yén pangaweruh kandaga kecap anu dipimilik ku siswa bakal mangaruhan kana kamampuh nulisna. Siswa anu apal, ngarti tur ngalarapkeun kandaga kecap basa Sunda tangtu hadé dina hasil karangan narasina. Hasil tina ieu panalungtikan méré sawatara implikasi, nya éta:

- a. implikasi ka siswa sangkan remen maké basa Sunda anu bisa ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecapna;
- b. implikasi kana kinerja guru basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kualitas ngajar, utamana dina ngalatih kaparigelan nulis siswa, éta hal bisa dipaluruh ngaliwatan pangaweruh kandaga kecapna;
- c. implikasi ka pihak pangrojong dina widang atikan yén pangaweruh kandaga kecap basa Sunda di sawatara sakola masih kénéh aya dina tingkatan handap, nu hartina pangaweruh kandaga kecap basa Sunda di lingkungan sakola téh kudu dironjatkeun.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan korélasi pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPA SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016, ieu di handap aya sababaraha rékoméndasi pikeun ieu panalungtikan.

- a. Aya korélasi antara pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis, ku kituna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis, bisa ku cara ngaronjatkeun kandaga kecap.
- b. Pangaweruh kandaga kecap dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ngaliwatan lembar invéntori, pikeun panalungtikan sarupa bisa dipaké téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun instrumén séjénna.
- c. Pangaweruh kandaga kecap dina ieu panalungtikan aya dina tingkatan handap, pikeun ngungkulan éta pasualan bisa dipaké media atawa modél nu cocok.

- d. Ieu panalungtikan kakara ngakorélasikeun pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh nulis, pikeun ka hareupna bisa ditalungtik korélasi pangaweruh kandaga kecap jeung kamampuh séjénna saperti kamampuh nyarita, ngaregepkeun, jeung maca.